

# Èske si Mwen Itilize Avantaj Piblik yo Sa Ap Afekte Sitiyasyon Imigrasyon Mwen?

## Kisa k ap pase?

Gen kèk moun ki enkyete ke gouvènman federal la pral modifye règ sou "chaj piblik" (public charge) la, sa ki ka lakoz li pi difisil pou sèten imigran nan Etazini jwenn yon grinkat si yo dekouvre ke yo te itilize kèk kalite pwogram avantaj piblik. Nòt: apati ane 2024 la, règ sou chaj piblik la **pa chanje**.

## Èske chanjman sa a ka afekte m?

Si règ sou chaj piblik la chanje, ale sou **nyc.gov/publiccharge** pou jwenn dènye enfòmasyon yo. Menm si règ la chanje, li pa ka aplike pou tout imigran. Pa egzanp, prezidan Etazini an pa ka modifye règ sou chaj piblik la pou li aplike pou moun ki:

- Ap aplike pou azil;
- Se refijye;
- Ap chèche oswa ki te jwenn klasifikasyon Espesyal kòm Imigran ki Minè (Special Immigrant Juvenile);
- Ap chèche oswa ki te jwenn yon viza U oswa yon viza T;
- Gen yon grinkat epi k ap chèche naturalize pou yo vin yon sitwayen Ameriken;
- Fè pati yon lòt kategorì ki egzante.

## Kisa mwen ta dwe fè kounye a?

Ou pa bezwen sispann itilize pwogram avantaj piblik yo ni sèvis Vil la ofri yo ke oumenm oswa manm fanmi w bezwen yo. Se dwa w pou jwenn swen ak sipò san kè sote. Aktyèlman la, règ sou chaj piblik yo pa chanje. Anplis de sa, règ konsènan ki moun ki elijib pou avantaj ak sèvis piblik yo pa chanje.

Sonje, Vil New York founi plizyè sèvis swen sante ak sèvis sosyal gratis oswa a ba pri pou tout rezidan Vil New York. Sèvis sa yo ka gen ladan yo swen sante ki ijan e ki pa ijan, asirans sante pou timoun ak pou kèk adilt, asistans alimantè, pwoteksyon pou lokatè, pwoteksyon travayè ak èd jiridik. Ou ka gen aksè ak sèvis sa yo Vil la bay yo kèlkeswa sitiayson imigrasyon w, kèlkeswa kapasite ou genyen pou peye, kèlkeswa sitiayson anplwa ou oswa kit ou pale oswa kit ou pa pale Anglè.

Anvan ou deside sispann itilize pwogram avantaj piblik yo oswa sèvis Vil la bay yo, oswa si ou gen kesyon oswa enkyetid, tanpri rele liy asistans Vil la pou plis enfòmasyon. Ou kapab rele Liy Asistans Jiridik pou zafè Imigrasyon (Immigration Legal Support Hotline) Biwo Majistra Vil New York pou Zafè Imigran nan 800-354-0365 soti lendi rive vandredi, 9 a.m. jiska 6 p.m., oswa rele **311** epi di "public charge" pou jwenn èd jiridik gratis e san danje. Gen sèvis entèpretasyon ki disponib pou toulède liy asistans lan ak **311**.

